

**UNITED STATES DISTRICT COURT FOR THE EASTERN DISTRICT OF NEW
YORK**

AVI SOU AKSYON KOLEKTIF KI AN PWOSESIS

Se yon tribinal ki te otorize avi sa a. Se pa yon demand yon avoka fè.

Èske w gen yon timoun ki:

- a) gen dyabèt tip 1 oswa tip 2; epi**
- b) ki nan lekòl leta Depatman Edikasyon Vil Nouyòk kounye a oswa ki pral nan lekòl leta Depatman Edikasyon Vil Nouyòk?**

Gen yon tribinal ki sètifye yon aksyon kolektif nan ka sa a.

Tanpri pran tan w pou byen li avi sa a.

POU: Tout elèv ak paran elèv ki gen dyabèt ki bezwen swen ki gen rapò ak dyabèt nan lekòl epi ki nan lekòl Depatman Edikasyon Vil Nouyòk kounye a oswa ki pral nan lekòl Depatman Edikasyon Vil Nouyòk.

ISTWA KA A

- Twa timoun ki gen dyabèt, atravè paran yo, ansanm ak Asosyasyon Ameriken pou Dyabèt (American Diabetes Association) (ansanm yo rele yo “Pleyan” [“Plaintiffs”]), depoze yon plent kont Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) pou jwenn pi bon swen pou timoun ki gen dyabèt nan lekòl. Yo rele pwosè sa a *M.F., et al. v. New York City Department of Education, et al.*, Civil No. 18-CV-6109.
- Plyeyan yo akize lekòl NYCDOE yo ki vyoole lwa federal ki pwoteje moun ki gen andikap, espesyalman moun ki gen dyabèt, paske lekòl yo:
 - Pa pwograme ak fè reyinyon ki rele reyinyon Seksyon 504 yo ni yo pa ekri ak aplike plan Seksyon 504 yo, ki dekri swen ak akomodasyon ki gen rapò ak dyabèt timoun ki gen dyabèt bezwen pou yo ale lekòl ansekirite ak pran avantaj edikasyon yo
 - Pa fè fòmasyon kòm sadwa pou enfimyè lekòl, parapwofesyonèl, èd, pwofesè, asistan pwofesè ak lòt manm estaf sou swen pou dyabèt pou satisfè bezwen elèv ki gen dyabèt;
 - Izole, san sa pa nesesè, elèv ki gen dyabèt lè yo fè yo kite sal la ak rate lè enstriksyon ki enpòtan pou yo resevwa swen woutin ki gen rapò ak dyabèt;

- Mete elèv ki gen dyabèt yo deyò lekòl ak nan aktivite lekòl fè tankou, pwomnad, aktivite apre lekòl ak manje maten nan lekòl lè yo pa ba yo swen ki nesèsè ki gen rapò ak dyabèt.
- Gen [plis enfòmasyon sou pwosè a](#), tankou plent lan.
- gen plis enfòmasyon sou [swen pou dyabèt](#) nan lekòl leta Vil Nouyòk.
- Tribinal sa a bay pleyan yo pèmasyon pou yo reprezante tout manm gwoup yo, sa vle di tout elèv ki gen dyabèt tip 1 oswa tip 2 ki elijib pou resevwa swen ki gen rapò ak dyabèt nan lekòl epi ki nan lekòl NYCDOE kounye a oswa ki pral nan lekòl NYCDOE , konsènan chanjman sistèm nan regleman, pratik ak pwosedi NYCDOE ki kontwole swen ak akomodasyon ki gen rapò ak dyabèt nan lekòl.
- Tribinal la poko deside si Akize yo te fè yon bagay mal. Pleyan yo pa p chèche okenn lajan kòm reparasyon nan men Akize yo, ni manm gwoup yo pa p resevwa lajan kòm solisyon nan okenn rezilta ki soti nan pwosè sa a Pleyan yo ap mande sèlman pou Akize yo chanje regleman ak pratik yo.
- Pleyan yo mande chanjman nan tout sistèm lan ki pral afekte tout elèv ki gen dyabèt kit moun yo chwazi patisipe ou non nan pwosè a.

OU PA BEZWEN FÈ ANYEN. Avi sa a sèvi sèlman pou ba w opòtinite pou swiv pwosè a si w vle.

Avoka ki sou ka a

1. Èske mwen gen yon avoka pou ka sa a ?

Tribinal la te deside pou defansè pou Dwa Andikape (Disability Rights Advocates), yon kabinè avoka ki pa la pou fè pwofi ta reprezante tout manm gwoup la kòm Avoka Gwoup (Class Counsel) la. Defansè pou Dwa Andikape gen eksperyans nan plede jan ka sa yo konsènan dwa andikape. Jwenn plis enfòmasyon sou [Dwa andikape](#) ak eksperyans avoka l yo.

2. Èske m ta dwe gen pwòp avoka pa m?

Ou pa bezwen pran pwòp avoka pa w paske Defansè Dwa Andikape ap travay pou ou. Men si w vle gen pwòp avoka pa w, se ou menm k ap peye avoka sa a. Ou ka mande l pou li parèt nan Tribinal pou ou si w vle yon lòt moun ki pa Avoka Gwoup la pale nan non w.

3. Kòman y ap peye avoka yo?

Yo pa peye Avoka Gwoup la anyen pou sèvis yo bay nan ka sa a. Anplis, yo fè tout depans ki nesèsè yo pou kenbe dosye a. Si Gwoup la resevwa avantaj akòz travay Avoka Gwoup la, Avoka gwoup la ka mande pou Akize yo peye frè ak depans yo. Ou pa p bezwen peye Avoka Gwoup la.

SI OUMENM OSWA PITIT OU A SE YON ELÈV KI GEN DYABÈT EPI OU GEN KESYON SOU SWEN NAN LEKÒL, TANPRI KONTAKTE:

Kontakte Kowòdonatè 504 la ak/oswa Direktè Sante pou lekòl ou a.

AK/OSWA

Neil Somerfeld, Section 504 Program Manager for N.Y.C. Dept. of Education
718-310-2429
504Questions@schools.nyc.gov

Direktè sante

Biwo ki nan Borough/ Vil la Distri	Direktè sante a	Imèl	Nimewo telefòn	Adrès
Affinity	Norberto Perez	NPerez4@schools.nyc.gov	718-935-3891	131 Livingston St, Rm 607 Brooklyn, NY 11201
Brooklyn North 13, 14, 15, 16, 19, 23, 32	Laurell Watson	LWatson21@schools.nyc.gov	718-935-3663	131 Livingston St, Rm 506 Brooklyn, NY 11201
Brooklyn South 17, 18, 20, 21, 22	Juliana Felix-Barret	JFelixBarret@schools.nyc.gov	718-759-4921	415 89th St, Rm 509 Brooklyn, NY 11209
Bronx 7, 8, 9, 10, 11, 12	Marleni Moreira	MMoreira3@schools.nyc.gov	718-828-4694	1230 Zerega Ave Bronx, NY 10462
Manhattan 1, 2, 3, 4, 5, 6	Magdalene Gomes	MGomes6@schools.nyc.gov	212-356-7530	333 7th Ave, 8th Fl New York, NY 10001

Biwo ki nan Borough/ Vil la Distri	Direktè sante a	Imèl	Nimewo telefòn	Adrès
Queens North 24, 25, 26, 30	Carin Jean Pierre-Destin	CPierre@ schools.nyc.gov	718-391-8572	28-11 Queens Plaza North, 4th Fl Long Island City, NY 11101
Queens South 27, 28, 29	Rachelle Lewis	QSHealthDirector @schools.nyc.gov	347-647-1388	82 -01 Rockaway Blvd , Sal 420 Ozone Park, NY 11416
Staten Island 31	Stephanie Caloir	SCaloir@ schools.nyc.gov	718-556-8383	715 Ocean Terrace, A-309 Staten Island, NY 10301

**SI W GEN KESYON SOU PWOSE SA A, OU KA KONTAKTE CLASS COUNSEL
DISABILITY RIGHTS ADVOCATES:**

[DISABILITY RIGHTS ADVOCATES](#)

diabeteslawsuit@dralegal.org
655 Third Avenue, 14th Floor
New York, NY 10017
Telefòn: (212) 644-8644

SI W GEN KESYON SOU DYABÈT NAN LEKÒL, OU KA KONTAKTE:

[AMERICAN DIABETES ASSOCIATION](#)

1-800-DIABETES (342-2383)
askada@diabetes.org